

# KIJAN POU POTE PLENT

Si ou kwè ke yo te fè diskriminasyon kont ou akòz de andikap ou a oubyen yo te refize ba ou yon akomodasyon rezonab pou andikap ou a, ou kapab pote plent nan Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk la.

Ou dwe pote plent nan Divizyon an avan yon ane apre zak diskriminasyon ou ap akize yo fè a. Pou plis enfòmasyon oubyen pou pote plent, ou kapab kontakte biwo rejyonal ki pi pre lakay ou oubyen travay ou a, oubyen vizite sit wèb nou nan :

[www.dhr.state.ny.us](http://www.dhr.state.ny.us)

## KÈK EGZANP :

Ou genyen pwoblèm pou wè epi ou itilize yon chen sèvis. Sepandan, anplwayè ou entèdi ou pou vini nan travay ou ak chen gid ou a. Èske ou genrekou ?

Li ilegal pou refize yon moun ki gen pwoblèm pou wè itilize yon chen gid nan travay.

Ou ap pran yon tretman medikal ki nesèsè pou yon kondisyon medikal ki gen rapò a andikap ou a. Tretman yo pral kontinye pou de mwa epi yo gen tan tandans fè ou anvi dòmi lematen. Èske ou kapab mande anplwayè ou pou chanje orè ou pou kite ou vini pita, epi rete pita, pandan peryòd w ap pran tretman medikal la ?

Ou kapab mande anplwayè ou pou akomode ou fason sa a. Ou menm ak anplwayè a dwe diskite bezwen pou modifikasyon an kòm pwosesis ki egzijè pou anplwayè yo entèraji yo. Anplwayè ou dwe aksepte demann ou a amwenske sa ap koze yon detrès ki egzajere.

Ou mande yon konje akòz de andikap ou a. Èske anplwayè ou kapab mande yon lèt doktè a ekri pou li ?

Wi. Ou kapab bezwen yon jistifikasyon andikap rezonab pou konje medikal la.

Ou pran yon chòk nan do pandan yon aksidan epi ou pa ka chita pandan lontan san ou po'a pran yo pòz epi al fè yon ti mache. Doktè ou sètifye ke sa nesèsè akòz de chòk la. Èske ou ka mande yon akomodasyon rezonab ?

Ou kapab mande anplwayè ou pou li kite ou pran pòz pou fè yon ti mache si li rezonab epi li pa lakòz detrès egzajere.

## TRAVAY

# Andikap ak Akomodasyon Rezonab

NEW YORK STATE  
DIVISION OF  
**HUMAN  
RIGHTS**

ANDREW M. CUOMO, GOVERNOR

ONE FORDHAM PLAZA  
BRONX, NEW YORK 10458  
(718) 741-8400  
Toll Free 1-888-392-3644  
TDD (718) 741-8300

[WWW.DHR.NY.GOV](http://WWW.DHR.NY.GOV)

# Dwa Travay Pou Moun ki Andikape

Lwa sou Dwa Moun Eta Nouyòk pwoteje moun kont diskriminasyon ki baze sou andikap yo.

Lwa Dwa Moun nan defini yon andikap tankou :

« yon domajman fizik, mantal oubyen medikal ki anpeche kò a fonksyone nòmalman oubyen teknik dyagnostik ki akseptab medikalman kapab demontre li ; oubyen

genyen yon dosye sou domajman sa a, oubyen

yon kondisyon lòt moun wè tankou yon domajman. »

Sepandan, yo limite aplikasyon mo sa a pou andikap kote, lè yo bay yo akomodasyon rezonab, yo pa gen okenn anpechman pou yo fè yon fason ki rezonab aktivite yo ankò nan travay la oubyen pou kontinye ak okipasyon yo deja genyen koulye a oswa y ap chèche jwenn.

Li ilegal pou fè diskriminasyon kont moun ki andikape nan bay travay, avansman nan travay, fòmasyon nan travay, konpansasyon nan travay, oubyen lòt règ ak kondisyon travay.

Li ilegal pou yon anplwayè fè diskriminasyon kont moun paske yo genyen yon pase ak andikap oubyen paske yo sanble moun ki andikape.

Epi tou li ilegal moun an anplwayè fè diskriminasyon kont yon moun paske moun nan te pote plent pou diskriminasyon.

## LIMITASYON

Lwa Dwa Moun Eta Nouyòk PA kouvri anplwayè ki genyen mwens pase kat anplwaye.

## ANKÈT AVAN YO ANPLWAYE

Yon anplwayè pa dwe fè okenn ankèt sou moun ki gen potansyèl pou vin anplwaye ki kote ankèt la eksprime oubyen reflekte diskriminasyon sou andikap. Kèk egzanp jan de kesyon sa yo se :

- Èske ou genyen yon andikap ?
- Èske ou janm entène lopital oubyen ou te janm resevwa tretman poutèt yon pwoblèm fizik oubyen mantal ?
- Konbyen jou ou te manke travay akòz de maladi ane pase ?
- Èske ou pral mande konje pou tretman medikal le yo anplwaye ou ?
- Èske ou janm resevwa benefis pou aksidan ki rive nan travay ?

Anplwayè yo gendwa mande aplikan/anplwaye yo pou demontre kapasite yo pou pèfòme demann fizik yon travay an patikilye, menm jan yo mande aplikan yo demontre konpetans ak kalifikasyon nan lòt domèn yo.

Anplwayè yo gendwa fè tès fòs fizik, ajilite, andirans, rezistans, elatriye depi tès sa yo pa montre diskriminasyon, kapab demontre ke yo gen rapò ak tach espesifik pou pozisyon moun nan aplike a, epi ke yo bay tout moun ki aplike pou kategori travay sa a an patikilye menm tès la.

## FONKSYON TRAVAY ESANSYÈL

Yon anplwayè kapab mande moun ki gen potansyèl pou vin anplwaye yo pou egzekite fonksyon oubyen tach ki espesifik pou travay la. Selon Lwa sou Dwa Moun nan, yon moun dwe kapab fè fonksyon esansyèl travay la ase, tankou travay yo ki esansyèl pou pozisyon an, pa egzanp. Yon fonksyon esansyèl se fonksyon ki t ap chanje travay la oubyen okipasyon an nèt si yo pa fè li.

## AKOMODASYON REZONAB

Yon akomodasyon rezonab se yon modifikasyon nan yon travay oubyen anviwònman travay ki pèmèt yon moun ki genyen yon andikap pèfòme fonksyon fondamantal yon travay yon fason ki rezonab. Men kèk egzanp akomodasyon rezonab ki posib :

- Modifye yon orè travay
- Bay lòt moun fonksyon travay ki pa esansyèl yo

- Achte oubyen modifye ekipman
- Yon kote pou travay ki aksesib

Akomodasyon rezonab pa vle di ofri moun bezwen swen pèsònèl, tankou yon asistan pou bezwen pèsònèl, oubyen bay moun asistans ki pa gen rapò a travay, tankou yon chèz woulant.

## DETRÈS EGZAJERE

Yon anplwayè pa oblije bay yon akomodasyon rezonab si li pral vin lakòz yon detrès egzajere pou anplwayè a. Detrès egzajere vle di anpil difikilite oubyen depans pou anplwayè a, lè nou konsidere pami tout lòt faktè ki ta ka genyen, gwosè anplwayè a, tip operasyon an ak nati ak pri akomodasyon yo mande a koute.

## KÈK Lòt ASPÈ AKOMODASYON REZONAB

Anplwaye dwe pale anplwayè a sou andikap la ak bezwen pou akomodasyon an.

Yon anplwayè gendwa mande yon lèt doktè pou jistifye demann pou yon akomodasyon rezonab.

Anplwayè dwe kenbe enfòmasyon medikal anplwaye a konfidansyèl.

Yon anplwaye kapab sijere, men pa di yo dwe bay, yon akomodasyon espesifik. Anplwayè a gen dwa pou l chwazi ki akomodasyon rezonab y ap bay, depi li ap efikas nan satisfaksyon bezwen an.

Yon anplwaye ki genyen yon akomodasyon dwe toujou kenbe yon nivo pèfòmans rezonab nan travay la.

Si w bezwen plis enfòmasyon sou lwa ki entèdi diskriminasyon ki baze sou andikap ak sou pwosesis pou pote plent, tanpri kontakte biwo rejyonal Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk la, oubyen ale nan sitwèb nou an nan [www.dhr.state.ny.us](http://www.dhr.state.ny.us).